



ECONOMIC SERVICES ADMINISTRATION (ADMINISTRASYON SÈVIS EKONOMIK)
COMMUNITY SERVICES DIVISION (DIVIZYON SÈVIS KOMINOTÈ)

Reklamasyon DSHS pou benefis EBT yo vòlè yo

Vòl avantaj se yon krim. Nou ankouraje w pou deklare l bay depatman lapolis lokal ou an. Okenn rapò lapolis pa nesesè pou demann sa a.

Demann pou vòl avantaj yo dwe deklare bay DHSN nan lespas 30 jou aprè yo fin dekouvrir pèt la.
Pou depoze yon demann:

- Rele Sant Kontak Sèvis Klyantèl la gratis nan 877-501-2233;
- Vizite Biwo Sèvis Kominotè lokal ou an pandan lè biznis nòmal yo; oswa
- Ranpli, siyen, epi retounen fòm sa a pa: Poste nan PO Box 11699, Tacoma WA 98411; Faks nan 888-338-7140; oswa itilize bwat depoze a nan Biwo Sèvis Kominotè lokal ou a apre lè nomal yo.

Mwen menm, _____ (tanpri mete prenon ak non fanmi Chèf Fwaye a ak Lèt Majiskil) deklare ke yo te vole avantaj yo nan kont Electronic Benefits Transfer (Transfè Avantaj Elektwonik mwen an, EBT) pa mwayen ekremaj, klonaj, amsonaj oswa tout lòt itilizasyon similè ki gen fwod yo. **Ekremaj kat, klonaj, ak fwod similè yo konsidere kòm vòl done kat ak nimewo PIN, ki pèmèt vòlè yo vole lajan nan kont, fè acha, ak vann enfòmasyon sou kat.**

Nimewo ID Kliyan Chèf Fwaye a: _____

Dat Nesans Chèf Fwaye a: _____

Pwogram: _____ Lajan Kach Manje

Dat mwen te dekouvrir ke yo te vole avantaj mwen yo: _____

Tanpri bay tout enfòmasyon ou genyen sou avantaj yo vole, klone, oswa itilize avèk fwod la.

Dat Tranzaksyon an	Non Biznis Kote Itilizasyon Fwod La Te Rive a	Adrès	Montan	Kalite Benefis (Lajan Kach / Manje)

Èske kat EBT ou an te nan men w tout tan? Wi Non

Èske w itilize yon sit entènèt EBT tyès pati oswa yon aplikasyon ki diferan de ebtEDGE? Wi Non

Deklarasyon ak Siyati

Mwen sètifye, sou pèn pají, ke enfòmasyon mwen deklare epi bay nan Demann pou Vòl Avantaj EBT yo kòrèk epi egzat selon tout sa mwen konnen.

- Mwen pa te benefisyé de okenn fason de lajan yo te pran sou kont mwen an.
- Mwen konnen ke fo deklarasyon nan demann sa a kapab konstitiye fwod epi sa kapab fè ou diskalifye nan pwogram nan, sa kapab ou resevwa amann, pran prizon, oswa yon konbinezon pèn sa yo.

Siyati Chèf Fwaye a

Dat

Ou genyen dwa pou mande yon Odyans administratif si ou pa dakò avèk aksyon ajans lan sou avantaj ou yo. Enstitisyon sa a se yon founisè ki ofri opòtinité egalego.

